

## Gid pou eleksyon nan Asosyasyon Paran

### Pou fikse eleksyon nan Asosyasyon Paran *Parent Association (PA)*<sup>1</sup>

- Se responsablite asosyasyon an pou l fè eleksyon chak ane ant twazyèm Mèkredi nan mwa Me ak twazyèm Vandredi nan mwa Jen pou garanti gen yon PA anplas pandan ete a ak pou ouvèti lekòl ann Otòn. PA dwe tabli yon komite pou prezantasyon kandidati pou fasilite eleksyon.
- Si PA a pa ka fòme yon komite pou prezantasyon kandidati, konsèy egzekitif PA a dwe fikse yon eleksyon rapid pou Prentan, epi avize tout manm yo dat ak lè y ap fè eleksyon an omwen 10 jou lekòl avan dat la. Yo pran tout paran k ap prezante kandidati yo nan asistans lan pandan yon reyinyon rapid yap fè pou diskite eleksyon.
- Yo dwe fè direktè lekòl la konnen dat ak lè y ap fè eleksyon PA a pou ane a 1ye avril pou pita chak ane lekòl. Si yo pa avize direktè a 1ye me pou pi ta, li dwe mande tout manm konsèy egzekitif PA pou yo fikse yon dat ak lè pou eleksyon an. Si manm konsèy egzekitif PA a pa reponn sou 7 jou lekòl, direktè a dwe avize tout paran epi òganize yon reyinyon nan mwa Me pou fòme yon komite pou prezantasyon kandidati, epi fikse yon dat pou eleksyon yo. Direktè yo ka jwenn yon modèl avi reyinyon pou mande paran fòme yon komite pou prezantasyon kandidati nan Biwo enfòmasyon ak aksyon pou fanmiy *Office for Family Information and Action (OFIA)*.
  - Nan sitiasyon kote pa gen ase tan pou direktè a konvoke yon komite pou prezantasyon kandidati, epi pou komite a bay avi atan pou prezantasyon kandidati ak pou reyinyon eleksyon yo, direktè a dwe konvoke paran yo pou fikse yon dat pou fè yon eleksyon rapid olye l mete yon komite pou prezantasyon kandidati anplas.

### Wòl Komite pou Prezantasyon Kandidati

- Yo dwe dekri nan Règleman entèn PA a pwosedi pou tabli yon komite pou prezantasyon kandidati ak responsablite komite a.
- Anjeneral, komite pou prezantasyon kandidati a ap gen responsablite chèche jwenn kandida, asire kandida yo elijib, epi dirije reyinyon pou prezantasyon kandidati ak reyinyon eleksyon an.
- Lè l posib, komite pou prezantasyon kandidati a dwe garanti yo bay e enfòmasyon alekri e enfòmasyon aloral, nan yon lòt lang paran yo pale ki pa angle.
- **Fason pou chèche jwenn Kandida :** Anjeneral, komite pou prezantasyon kandidati a ap voye avi ba tout manm yo pou fè yo konnen nesite pou òganize eleksyon nan Prentan pou ane a. Yo dwe mete nan avi yo :
  1. Yon lis tout pòs nan konsèy egzekitif la ki disponib (Règleman entèn PA a ka kite pòs ki pa obligatwa pou moun y ap eli ann Otòn).
  2. Yon remak ke sèl kalifikasyon pou tout pòs yo se pou kandida se paran yon timoun nan lekòl la
  3. Dire manda, si yo mete yo nan règleman entèn yo

<sup>1</sup> Nan Gid sa a, mo PA a vle di Asosyasyon paran ak Asosyasyon pwofesè-paran.

4. Fason kandida yo dwe avize komite pou prezantasyon kandidati a ke yo enterese poze kandidati yo
  - Anpil komite pou prezantasyon kandidati mete yon fèy papye detachab pou manm yo gen yon fason pou endike komite pou prezantasyon kandidati a non kandida yo chwazi yo.
5. Dat y ap sispann aksepte moun prezante kandidati yo ofisyèlman. (Yo ka sispann aksepte moun prezante kandidati yo jou swa y ap fè eleksyon an, imedyatman avan vòt.)

▪ **Fason yo fè Reyinyon pou prezantasyon kandidati a :**

1. **Avi alekri :** Komite pou prezantasyon kandidati a dwe voye yon lèt ba PA a kote li endike adrès ak lè l ap òganize reyinyon pou moun prezante kandidati yo pou avize tout manm yo. Yo dwe date avi a pou distribye l omwen 10 jou anvan reyinyon pou prezantasyon kandidati a. Yo ka voye avi a pa imèl, men komite pou prezantasyon kandidati a dwe voye avi a tou nan valiz elèv yo pou paran yo oswa pa lapòs. Modèl avi pou reyinyon disponib nan sit wèb [OFIA Parent Leadership page](#).
2. **Fason yo fè Reyinyon pou prezantasyon kandidati**
  - **Asire Sekretè a ap ekri pwosè-vèbal la** - Yo dwe pran pwosèvèbal nan chak reyinyon PA. Li enpòtan sitou pou genyen yon dosye konplè tout sa ki pase pandan reyinyon pou prezantasyon kandidati a. Si sekretè ki fèt pou pran nòt yo nan reyinyon yo pa disponib, yo dwe chwazi yon paran manm pou pran pwosèvèbal la.
  - **Byenveni** – Lè tout paran siyen non yo epi rasanble nan sal eleksyon an, swete manm yo byenveni epi mete ann evidans wòl esansyèl yon PA valab jwe nan devlopman yon kominote lekòl solid.
  - **Quorum** – Asire gen omwen 8 manm nan PA a ki prezan, pami yo omwen 2 manm konsèy egzekitif ak 6 paran manm (al gade Règleman Chanselye *Chancellor's Regulations* (CR) A-660, Seksyon I.H.4). Règleman entèn PA a ka endike yon *quorum* ki depase kantite minimòm yo mete nan CR A-660. Lè pa gen yon *quorum* manm yo prezan, yon PA pa ka aksepte prezantasyon kandidati.
  - **Kòmansman prezantasyon kandida yo :**
    - Yo dwe prezante manm komite pou prezantasyon kandidati a, epi yo dwe ekri non yo nan pwosèvèbal yo.
    - Anonse non tout kandida yo chwazi yo avan reyinyon pou prezantasyon kandida a (sètadi, non moun yo soumèt sou fèy papye detachab ki te nan avi reyinyon pou prezantasyon kandida yo).
    - Raple manm yo ke yo ka nonmen tèt yo oswa yon lòt moun.
    - Raple manm yo ke yo ka deziyen yo pou plis pase yon pòs, men yo kapab eli yo sèlman pou yon pòs.
    - Mande prezantasyon kandida pou chak pòs youn alafwa. Sonje pou li responsablite pou chak pòs jan l ekri nan règleman entèn yo avan ou aksepte moun yo deziyen kòm kandida yo (sa vle di, "N ap aksepte kounye a kandida pou pòs Prezidan an. Prezidan an dwe dirije tout reyinyon asosyasyon an epi...").

- Asire pou sekretè k ap pran pwosèwèval la ekri non tout kandida yo san fot.

- **Fen prezantasyon kandida yo :**

- Mande pou prezante kandida pou chak pòs twa fwa antou avan w anonse ofisyèlman fen prezantasyon kandida pou yon pòs, epi kontinye pwosesis la pou w mande prezante kandida pou pwochen pòs la.
- Fè konnen ke depi yo fin fè prezantasyon kandidati yo ofisyèlman, yo pa ka ajoute lòt kandida nan bilten vòt la nan sware eleksyon an.

- **Verifikasyon Elijiblite Kandida :**

1. Komite pou prezantasyon kandidati a dwe kolabore avèk direktè lekòl la oswa moun li deziyen pou sa pou detèmine elijiblite kandida. Sèl kalifikasyon pou tout pòs yo se pou yon moun paran yon timoun nan lekòl la.
  - "Paran vle di : paran ki papa ak manman yon timoun oswa yon moun ki adopte yon timoun, bopè-bèlmè, gadyen legal, *foster parent*, ak "moun ki gen yon lyen paran" avèk yon timoun ki nan lekòl la." -- Definisyon nan CR A-660
2. Manm paran yo pa elijib pou poze kandidati yo pou rezon sa yo :
  1. Chanselye a, yon moun Chanselye a nonmen, oswa Fonksyonè anchèf OFIA entèdi manm paran yo ofri sèvis yo nan konsèy egzekitif PA.
  2. Gen yon dispozisyon ki gen pou wè ak dire manda nan règleman entèn la ki entèdi yo poze kandidati yo.
  3. Yo pa satisfè kondisyon pou vin manm nan PA dapre CR A-660, Seksyon I.D.1.
  4. Yo se manm komite pou prezantasyon kandidati.
3. Manm paran ki gen yon timoun k ap gradye ak yon lòt k ap antre lekòl ka poze kandida yo sèlman pou yon pòs ki pa obligatwa pandan eleksyon Prentan.
4. Yo dwe verifye elijiblite yon kandida touswit apre yo fin deziyen kandida a. Yo dwe enfòmè kandida yo wè ki pa elijib yo imedyatman.

- **Fason pou fè yon Reyinyon Eleksyon :**

1. **Avan Dat Eleksyon an :**

- **Avi ba Direktè Lekòl la :** Komite pou prezantasyon kandidati a dwe fè direktè lekòl la konnen dat ak lè yo pwopoze fè reyinyon eleksyon an pou garanti yo fè aranjman pou gen pèmasyon pou itilize bilding lan ak pou sèvis sekirite. Yo dwe avize direktè lekòl la vè 1ye avril, men pa pi ta pase 1ye me.
- **Revizyon Règleman Entèn PA a :** Komite pou prezantasyon kandidati a dwe revize règleman entèn PA a pou garanti li adapte avèk kondisyon A-660. Sonje, tout manm PA ka prezante yon mosyon nan yon reyinyon jeneral manm yo pou modifye yon dispozisyon nan règleman entèn lan ki pa ann akò avèk egzijans A-660. Yo dwe vote amannman ki pou mete règleman entèn yo anrèg touswit apre yo prezante mosyon an (al gade CR A-660, Seksyon I.H.1).

- *Sonje* : Komite pou prezantasyon kandidati a dwe tcheke pou wè si yo tabli dire manda nan règleman entèn lan. Si yo tabli dire manda nan règleman entèn la, komite a dwe sonje gen kèk kandida yo ka anpeche poze kandidati yo jou swa eleksyon an.
- **Idantifye estaf ki pou sètifye Eleksyon an** : Komite pou prezantasyon kandidati a dwe chèche konnen ki manm estaf lekòl la k ap la pou verifye kalifikasyon moun k ap vote yo ak pou sètifye eleksyon an. Sonje Koòdonatè paran an pa ka fè djòb sètifye eleksyon an.
  - Komite pou prezantasyon kandidati a dwe avize estaf la yo dwe enprime yon lis byografik ATS ki gen non elèv ak paran pou verifye elijibilite moun k ap vote yo.
- **Preparasyon bilten vòt :**
  - Komite pou prezantasyon kandidati a ka fin aksepte prezantasyon kandida pandan yon lòt reyinyon pou prezantasyon kandidati, oswa ka chwazi fin aksepte prezantasyon kandidati jou swa eleksyon an.

Fen prezantasyon kandida avan swa eleksyon an	Fen prezantasyon kandida jou swa eleksyon an
Si yo te fin prezante kandida yo anvan reyinyon eleksyon an, yo dwe prepare <a href="#">bilten vòt yo</a> alavans epi yo dwe ekri tout non kandida yo akòmanse ak siyati yo sou yon lis nan lòd alfabè pou chak pòs.	Si y ap fin prezante kandida yo jou swa eleksyon an, komite pou prezantasyon kandidati a dwe mande si ap gen yon machin fotokopi disponib pou fotokopye bilten vòt yo. Si ap gen yonn, y ap ka enprime non kandida yo sou <a href="#">bilten vòt yo</a> lè yo fin prezante kandida yo, epi y ap fotokopye bilten vòt yo jou swa sa a. Si pa gen yon machin fotokopi, komite pou prezantasyon kandidati a dwe prepare yon modèl bilten vòt pou ekri non kandida yo chwazi pou chak pòs. Nan sitiyasyon sa a, y ap ekri non kandida yo sou yon papye grafik dapre siyati yo nan lòd alfabè pou chak pòs.

- Komite pou prezantasyon kandidati a dwe garanti genyen adispozisyon yo yon bwat bilten vòt.
- **Avi alekri** : Komite pou prezantasyon kandidati a dwe voye yon lèt pou fè tout manm PA yo konnen dat ak lè y ap fè reyinyon eleksyon an. Dat ki sou avi a ak jou yo distribiye l pa dwe mwens pase 10 jou lekòl avan reyinyon eleksyon an. Yo ka voye avi a pa imèl, men komite pou prezantasyon kandidati a dwe voye avi a tou nan valiz elèv yo pou paran yo oswa pa lapòs. Si yo fin chwazi kandida yo, yo ka mete nan avi a non kandida yo nan lòd lèt alfabè. Modèl avi yo pou reyinyon disponib nan sit wèb [OFIA Parent Leadership page](#).
  - Règleman entèn PA a ka gen ladan l yon pwosesis pou distribisyon diskou kandida yo avan eleksyon yo, men apre yo fin chwazi kandida yo. Yo dwe bay tout kandida menm opòtinite pou patisipe.

## 2. Swa Eleksyon an

- **Materyèl :** Komite pou prezantasyon kandidati a dwe prepare bagay sa yo :
  - *Sticker, post-it*, elatriye (al gade pi ba a rekòmandasyon pou elijiblite moun k ap vote).
  - Bilten vòt - yon fotokopi bilten vòt si gen yon machin fotokopi disponib, sinon asire genyen ase bilten vòt moun pa ko ranpli pou manm ki reyini yo. Modèl bilten vòt tradwi disponib nan sit wèb [OFIA Parent Leadership page](#).
  - Fèy pou ekri lis moun ki prezan
  - Papyè grafik ak *marker* - si pa gen yon machin fotokopi disponib.
  - Plim - pou moun k ap vote yo.
  - Bwat pou mete bilten vòt yo - si lekòl la pa ka bay yonn
  - [Fè pou ekri rezilta vòt yo](#) – w ap bezwen omwen yonn pou chak pòs
  - [Fòm OFIA pou sètifye Eleksyon PA a](#)
- **Òganizasyon Eleksyon**
  1. **Fason pou verifye elijiblite moun k ap vote** - Li enpòtan pou garanti ke se sèl manm PA elijib ki resevwa bilten vòt. Mwayen yo itilize pou verifye elijiblite moun k ap vote dwe presi ak senp.
    - *Rekòmandasyon* - Lè paran ap antre nan bilding lekòl la fè yo ekri non yo sou yon rejis. Lè sa a manm estaf k ap verifye elijiblite moun k ap vote a dwe tcheke non paran sou lis enprime ATS la. Depi yo fin verifye elijiblite yon paran, manm estaf la dwe ba li yon *sticker, post-it*, elatriye, epi enfòmè paran an ke lè y ap distribye bilten vòt yo, l ap gen pou chanje *sticker, post-it*, elatriye, pou yon bilten vòt.
    - Si yo te fin chwazi kandida yo avan reyinyon eleksyon an, y ap deja prepare bilten vòt yo alavans pou yo ka distribiye yo ba moun k ap vote yo lè yo fin verifye elijiblite yo.
  2. Eleksyon - **Pòs kote yon sèl kandida aplike**
    - Si gen yon sèl kandida pou yon pòs, enfòmè manm yo ke yon manm dwe fè yon mosyon pou sekretè k ap pran pwosèvèbal yo mete yon vòt pou eli kandida a pou pòs la. Li obligatwa pou tout manm yo vote pou apwouve mosyon an. Yo dwe note rezilta mosyon an nan pwosèvèbal la (al gade CR A-660, Seksyon I.G.1.e.).
  3. Eleksyon - **Pòs kote anpil kandida aplike**
    - Li obligatwa pou gen bilten vòt pou eleksyon sa a.
    - Si yo te fin fè chwa kandida yo avan swa reyinyon eleksyon an, yo ta dwe prepare bilten vòt yo alavans pou yo pare pou distribiye yo.
    - Si yo te fin fè chwa kandida yo swa reyinyon eleksyon an, yo ta dwe prepare bilten vòt yo pandan y ap bay kandida yo opòtinite pou prezante yon deklarasyon brèf ba tout manm yo.

- Si gen yon machin fotokopi disponib, y ap mande kandida yo fè yon diskou brèf pandan y ap ekri non yo *ak siyati yo nan lòt lèt alfabè* sou bilten vòt moun pa ko ranpli yo, epi y ap fotokopye bilten vòt yo.
- Si pa gen yon machin fotokopi disponib, y ap mande kandida yo fè yon diskou brèf pandan y ap ekri non yo *ak siyati yo nan lòt lèt alfabè* sou yon papye trase pou chak pòs. Fèy bilten vòt moun pa ko ranpli yo dwe pare pou distribisyon.
- Verifye si bwat bilten an vid. Bwat la sipoze rete devan nan sal kote manm asanble yo ye a pou l byen vizib.
- Montre manm yo jan pou yo ranpli bilten vòt. Pou bilten vòt kote yo tou enprime non kandida yo alavans, moun k ap vote yo tcheke kazye ki akote non kandida yo chwazi pou chak pòs. Si moun k ap vote yo dwe itilize bilten vòt ki pa gen non kandida enprime, yo dwe enfòmè yo ke yo ekri non tout kandida yo sou yon papye trase (*ak siyati yo nan lòt lèt alfabè pou chak pòs*) devan sal la, epi yo dwe ekri non konplè kandida yo chwazi pou chak pòs nan bilten vòt yo bay yo.
- Enfòmè manm yo ke yo p ap konte bilten vòt yo pa byen ranpli oswa bilten vòt moun pa ka li.
- Kòmmanse distribye bilten vòt yo. *Sonje ke se sèl moun ki elijib pou vote k ap resevwa bilten vòt. Si yo te distribye stickers, post-its, elatriye, ba moun yo verifye ki ka vote yo, moun sa yo dwe chanje yon bilten vòt pou yon sticker, post-it, elatriye.*
- Mande moun k ap vote yo pou yo depoze bilten vòt yo fin ranpli yo nan bwa bilten vòt la.
- Depi moun fin depoze tout bilten vòt yo nan bwa la, anonse ke vòt sa a fini.
- Mande twa volontè pami manm yo pou konte bilten vòt yo an prezans tout manm yo.
  - *Rekòmantasyon* – Yon moun ka retire bilten vòt yo nan bwat bilten an, epi depliyè yo. Dezyèm moun lan ka li non kandida yo seleksyone yo. Twazyèm moun lan ka ekri vòt yo sou [link fèy pou ekri rezilta vòt yo](#).
- Depi yo fin konte tout bilten vòt yo, komite pou prezantasyon kandidati a ap mande volontè yo pou yo retounen tcheke total bilten yo jwenn lan yon lòt fwa. Asire kantite bilten yo pa depase kantite vòt yo konte pou chak pòs. Menm jan, asire kantite bilten yo pa depase kantite moun ki elijib pou vote ki prezan.
- Mande volontè yo mete inisyal yo oswa siyen fèy kontwòl rezilta vòt la.
- Mande yonn nan volontè yo pou l anonse kandida ki genyen pòs la pou chak pòs.
- Komite pou prezantasyon kandidati a dwe mande si prezidan yo eli a vle ofri sèvis li kòm reprezantan lekòl la nan Konsèy Prezidan an. Si prezidan yo eli a pa vle oswa pa kapap fè sa, komite pou prezantasyon kandidati a dwe swiv pwosesis ki nan règleman entèn PA a pou eli yon reprezantan pèmanan.

- Remèsye tout kandida pou poze kandidati yo, epi ankouraje yo rete enterese ak patisipe nan lekòl la. Fè remake ap gen lòt opòtinite pou sèvi kòm lidè, paegzanp nan pòs prezidan nan divès komite.
- Fonksyonè PA yo fèk eli yo dwe travay avèk direktè a oswa manm nan estaf yo deziyen pou reprezante l la pou mete rezilta yo nan [Fòm sètifikasyon PA OFIA a](#). Direktè lekòl la oswa manm estaf li chwazi pou reprezante l la ap siyen fòm lan pou sètifye eleksyon an.
- Depi yo fin fè eleksyon PA yo, PA a dwe kòmanse nonmen manm paran nan pòs vid SLT a (depi yo bay avi kòmsadwa).
- *Remak espesyal* : Byenke li pa nesesè pou yo fè anons, yo endike nan *Robert's Rules of Order* ke : "Si yo itilize bilten pou vòt la, ap toujou gen opòtinite pou moun k ap vote ekri yon non. Nan ka sa a, yon moun ka genyen eleksyon an lè yo ekri non l sou bilten vòt la san yo pa t janm nonmen li kòm kandida.

### 3. Aprè Eleksyon an

- Fè sèten yo bay direktè a yon fotokopi Fòm sètifikasyon eleksyon OFIA a. PA a dwe konsève orijinal Fòm lan ansanm avèk bilten vòt yo, fèy kontwòl rezilta vòt yo, fèy moun ki te prezan yo, ak pwosèvèbal reyinyon eleksyon an.